

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Saméméh ngajéntrékeun desain panalungtikan nu digunakeun, dijéntrékeun heula wanda jeung métode panalungtikan. Wanda ieu panalungtikan, nya éta kuantitatif, sedengkeun métode nu digunakeun nya éta métode kuasi ékspérimén. Ieu métode ngan ngagunakeun hiji kelas ékspérimén, teu ngagunakeun kelas kontrol. Tina ieu métode, bakal katitén kamampuh siswa saméméh jeung sabada maké média pangajaran *origami*.

Desain panalungtikan nya éta kerangka gawé dina hiji studi, pikeun ngumpulkeun, ngukur, jeung ngalakukeun analisis data pikeun ngajawab patalékan-patalékan panalungtikan (Hasan, 2002, kc.31).

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 123), aya tilu jenis anu kaasup kana katégori desain kuasi ékspérimén, nya éta (1) *one shot case study*, (2) *one group pretest and post test design*, jeung (3) *static group comparison*. Dina ieu panalungtikan desain anu digunakeun nya éta *pretest and post test group*, nu digambarkeun saperti ieu di handap.

Tabél 3.1

O ₁	X	O ₂
----------------	---	----------------

Desain Panalungtikan *One Group Pretest-Posttest Design*

(Arikunto, 2013, kc. 124)

Keterangan:

O₁: *pretest* (hasil observasi saméméh *perlakuan*)

X: *treatment* (*perlakuan* pangajaran ngagunakeun média *origami*)

O₂: *posttest* (hasil observasi sabada *perlakuan*)

3.2 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta hasil nulis sajak bébas siswa kelas VII D SMPN 2 Lembang taun ajaran 2015/2016 anu jumlahna 34 siswa, anu ngawengku 16 lalaki jeung 18 awéwé.

Restu Haifarizah, 2016

MÉDIA ORIGAMI PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS SAJAK

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat atawa *fasilitas* nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan leuwih gampang jeung meunang hasil nu leuwih hadé (Arikunto, 2013 kc. 203). Salasahiji instrumén panalungtikan nya éta tés. Tés mangrupa sababaraha patalékan atawa latihan sarta alat nu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh intelegénsi, kamampuh atawa bakat nu dipimilik ku individu atawa kelompok (Arikunto, 2013, kc. 193).

Dina ieu panalungtikan digunakeun tés nu mangrupa tés tulis, anu dilaksanakeun dua kali, nya éta saméméh jeung sabada meunang *perlakuan*. Tés kamampuh awal dilaksanakeun pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis sajak. Tés kadua dilaksanakeun pikeun ngukur pangaruh *perlakuan* (média *origami*) kana kamampuh nulis sajak.

Pikeun *pretest* jeung *posttest* siswa dibéré sababaraha téma, nu satuluyna siswa milih hiji téma pikeun dimekarkeun jadi sajak, témana nya éta kaéndahan alam, cita-cita, cinta, harepan jeung liburan. Dina *posttest* siswa milih téma ngaliwatan média *origami* (tutuwuhan, balon, haté, béntang, kapal).

Instrumén anu digunakeun dina panalungtikan, saperti ieu di handap.

1) Instrumén *pretest*

Pék jieun hiji sajak, kalayan katangtuan saperti ieu di handap:

1. Pilih salasahiji téma:
 - a. kaéndahan alam
 - b. cita-cita
 - c. cinta
 - d. harepan
 - e. liburan
2. Sajak minimal dua pada

2) Instrumén *posttest*

Pék jieun hiji sajak, kalayan katangtuan saperti ieu di handap.

1. Pilih salasahiji origami



Tutuwuhan



Balon



Haté



Béntang



Kapal

2. Téma luyu jeung origami nu dipilih nya éta:

- a. lamun origami nu dipilih tutuwuhan, téma sajakna ngeunaan kaéndahan alam;
- b. lamun origami nu dipilih balon, téma sajakna ngeunaan cita-cita;
- c. lamun origami nu dipilih haté, téma sajakna ngeunaan cinta;
- d. lamun origami nu dipilih béntang, téma sajakna ngeunaan harepan;
- e. lamun origami nu dipilih laut, téma sajakna ngeunaan liburan.

3. Sajak minimal dua pada

3.4 Prosedur Panalungtikan

Restu Haifarizah, 2016


MÉDIA ORIGAMI PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS SAJAK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Prosedur dina panalungtikan kawilang penting, sabab dina prosedur kagambar léngkah-léngkah nu bakal dilaksanakeun ku panalungtik. Dina ieu panalungtikan pamarekan nu digunakeun nya éta pamarekan kuantitatif, nu ngagunakeun métode kuasi ékspérimén. Desain nu dipaké nya éta *one group pretest posttest design*. Sangkan leuwih jéntré bisa katitén saperti ieu di handap.

Bagan 3.1

Prosedur Panalungtikan



Sangkan leuwih jéntré éta prosedur ditétélakeun deui saperti ieu di handap.

1) Tatahar

Saacan ngayakeun panalungtikan, panalungtik ngayakeun heula wawancara jeung guru basa Sunda SMPN 2 Lembang ngeunaan masalah nu karandapan luyu jeung KTSP dina pangajaran basa Sunda. Panalungtik nyusun léngkah-léngkah nu baris dilaksanakeun pikeun ngungkulan masalah pangajaran sajak, ngagunakeun

Restu Haifarizah, 2016

MÉDIA ORIGAMI PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS SAJAK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

alternatif média pangajaran. Média nu dipaké dina ieu panalungtikan, nya éta média *origami*.

Dina ieu panalungtikan aya dua variabel, nya éta variabel bébas jeung variabel kauger. Variabel bébas mangrupa variabel nu dipangaruhan ku variabel lianna, sedengkeun variabel kauger nya éta variabel nu dipangaruhan ku variabel bébas. Dina ieu panalungtikan média *origami* salaku faktor nu mangaruhan, sedengkeun nu jadi variabel kaugerna nya éta kamampuh nulis sajak siswa kelas VII D SMPN 2 Lembang.

2) Ngalaksanakeun Panalungtikan jeung Ngumpulkeun Data

Sanggeus kapanggih masalah nu aya di kelas VII D SMPN 2 Lembang, diayakeun panalungtikan ka kelas pikeun ngumpulkeun data. Téhnik nu dipaké nya éta téhnik tés. Tés dilakukeun dua kali, nya éta *pretest* jeung *posttest*. *Pretest* dilakukeun saméméh *perlakuan*, tujuanna pikeun nyaho kamampuh siswa dina nulis sajak bébas, sedengkeun *posttest* dilaksanakeun sabada *perlakuan*, nu tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh siswa sabada ngagunakeun média *origami*.

Léngkah-léngkah nu dilaksanakeun dina téhnik ngumpulkeun data aya sababaraha tahap, nya éta:

- a) siswa migawé pancén nu mangrupa *pretest* nulis sajak bébas pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa dina nulis sajak;
- b) sanggeus nyaho kamampuh awal siswa, panalungtik ngayakeun *perlakuan* pikeun prosés pembelajaran;
- c) ngalaksanakeun prosés diajar-ngajar maké média *origami* kana nulis sajak;
- d) sanggeus ngalaksanakeun *perlakuan*, panalungtik ngalaksanakeun *posttest*, nya éta tés ahir pikeun mikanyaho ngaronjat henteuna kamampuh siswa dina nulis sajak.

3) Nganalisis Data

Dina tahap ieu, panalungtik nganalisis data nu geus aya ngagunakeun rumus-rumus statistik.

4) Kacindekan

Restu Haifarizah, 2016

MÉDIA ORIGAMI PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS SAJAK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sanggeus meunang hasil tina data nu geus dianalisis, panalungtik nyieun kacindekan tina sakabéh prosés anu geus dilaksanakeun salila panalungtikan.

3.5 Téhnik Nganalisis Data

Kegiatan nganalisis jeung ngolah data mangrupa cara anu digunakeun pikeun nyangking jawaban tina masalah dina ieu panalungtikan. Léngkah-léngkah tina téhnik nganalisis data jeung ngolah data saperti ieu di handap.

1) Mariksa jeung nganalisis hasil nulis sajak *pretest* jeung *postest*

Nurutkeun Nurgiantoro (2010, kc. 487) aya genep aspék anu dipeunteun dina kagiatan nulis sajak, nya éta kasaluyuan téma jeung eusi, kaaslian *pengucapan*, kakuatan imajinasi, diksi, *pendayaan* majas jeung citraan, jeung respon aféktif guru. Tapi dina ieu panalungtikan, aspék anu dipeunteun diwatesanan. Ngawengku kasaluyuan téma jeung eusi, kakuatan imajinasi, diksi, *pendayaan* majas jeung citraan. Sarta ditambahan ku aspék lianna nya éta éjahan jeung karapihan tulisan.

Tabél 3.2

Kritéria Tés Nulis Sajak

No (1)	Aspék (2)	Skor (3)	Kriteria (4)
1.	Kasaluyuan téma jeung eusi	5	Eusi sajak alus, luyu jeung téma anu dipilih.
		4	Eusi sajak alus, aya patalina jeung téma anu dipilih.
		3	Eusi sajak cukup/basajan, rada luyu jeung téma anu dipilih.
		2	Eusi sajak kurang alus, kurang luyu jeung téma anu dipilih.
		1	Eusi sajak goréng, teu luyu jeung téma anu dipilih.
2	Kakuatan Imajinasi	5	Imajinasi anu dituliskeun dina sajak bisa kaharti pisan ku nu maca tur hadé pisan.
		4	Imajinasi anu dituliskeun dina sajak bisa kaharti pisan ku nu maca tur hadé.
		3	Imajinasi anu dituliskeun dina sajak bisa kaharti pisan ku nu maca.
		2	Imajinasi anu dituliskeun dina sajak

Restu Haifarizah, 2016

MÉDIA ORIGAMI PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS SAJAK

			kurang kaharti pisan ku nu maca.
		1	Imajinasi anu dituliskeun dina sajak teu kaharti pisan ku nu maca.
3.	Diksi (pilihan kecap)	5	Ngagunakeun pilihan kecap, nyusun kecap anu alus tur hadé pisan.
		4	Ngagunakeun pilihan kecap, nyusun kecap anu alus.
		3	Ngagunakeun pilihan kecap, nyusun kecap anu cukup/basajan.
		2	Ngagunakeun pilihan kecap, nyusun kecap anu kurang merenah/kurang alus.
		1	Ngagunakeun pilihan kecap, nyusun kecap
(1)	(2)	(3)	(4)
		1	anu kurang merenah.
4.	<i>Pendayaan</i> majas jeung citraan	5	Ngagunakeun majas jeung citraan nu alus pisan, ma'nana jero pisan sarta luyu jeung téma.
		4	Ngagunakeun majas jeung citraan nu alus, ma'nana jero sarta luyu jeung téma.
		3	Ngagunakeun majas jeung citraan nu cukup hadé, ma'nana cukup jero sarta rada luyu jeung téma.
		2	Ngagunakeun majas jeung citraan nu kurang hadé, ma'nana kurang jero sarta kurang luyu jeung téma.
		1	Teu ngagunakeun majas jeung citraan, ma'nana teu luyu jeung téma.
5.	Éjahan	5	Ngawasa kaédah dina nulis kecap, teu aya kasalahan
		4	Ngawasa kaédah dina nulis kecap, aya kasalahan
		3	Ngawasa kaédah dina nulis kecap, loba kasalahan
		2	Kurang ngawasa kaédah nulis kecap, loba pisan kasalahan
		1	Teu ngawasa kaédah nulis kecap
6.	Karapihan tulisan	5	Alus, rapih, babari kabaca
		4	Alus, rapih, kabaca, aya corétan
		3	Alus, rapih, loba corétan
		2	Kurang rapih, teu loba nu kabaca, loba corétan
		1	Teu rapih, tulisan teu kabaca

(diropéa tina Nurgiantoro, 2013, kc. 487)

Tabél 3.3

Restu Haifarizah, 2016

MÉDIA ORIGAMI PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS SAJAK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Rubik Meunteun Nulis Sajak

No	Aspék nu Dipeunteun	Skala Peunteun				
		1	2	3	4	5
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)
1.	Kasaluyuan téma jeung eusi					
2.	Kakuatan imajinasi					
3.	Diksi (pilihan kecap)					
4.	<i>Pendayaan</i> majas jeung citraan					
5.	Éjahan					
6.	Karapihan tulisan					
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)
Jumlah Skor						

(diropéa tina Nurgiantoro, 2013, kc. 487)

2) Méré peunteun kana hasil sajak siswa, pikeun nangtukeun skor ahir. Kalawan ngagunakeun rumus:

$$P = \frac{\text{skor nu kahontal}}{\text{skor idéal}} \times 100\%$$

Katerangan:

Dumasar KKM anu ditangtukeun di SMPN 2 Lembang, katégori peunteunna nya éta:

- a) Peunteun ≥ 75 siswa dianggap mampu nulis sajak kalayan bener;
- b) Peunteun ≤ 75 siswa dianggap can mampu nulis sajak kalayan bener.

3) Tabulasi Data

Sangkan leuwih écés, peunteun ahir siswa ditabulasikeun dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.4

Peunteun Tés Nulis Sajak Siswa

Restu Haifarizah, 2016

MÉDIA ORIGAMI PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS SAJAK

No	Ngaran Siswa	Kamampuh Nulis Sajak								Katégori
		A	B	C	D	E	F	Σ	P	
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)	(9)	(10)	(11)
Σ										
\bar{x}										

Keterangan:

A = Kasaluyuan téma jeung eusi

B = Diksi (pilihan kecap)

C = Kakuatan imajinasi

D = *Pendayaan* majas jeung citraan

E = Éjahan

F = Kerapihan tulisan

Σ = Jumlah Skor (A+B+C+D+E+F)

P = Peunteun

4) Analisis Kamampuh Nulis Sajak Saméméh jeung Sabada maké Média

Analisis kamampuh nulis sajak saméméh jeung sabada maké média *origami* dumasar kana aspék-aspék nu dipeunteunna, nya éta bisa diténan dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.5

Tabél Kamampuh Nulis Sajak Saméméh jeung Sabada Maké Média *Origami*

No	Pretest								Posttest							
	A	B	C	D	E	F	Σ	P	A	B	C	D	E	F	Σ	P

3.5.1 Uji Sipat Data

Pikeun nguji sipat data dilakukeun ku cara uji normalitas jeung uji homogénitas.

1) Uji Normalitas

Uji normalitas tujuanna pikeun ngayakinkeun, yén kamampuh siswa mibanda distribusi nu normal. Pikeun nangtukeun yén data téh mibanda sipat normal atawa teu normal, bisa digunakeun rumus *Chi* kuadrat (X^2). Saméméh

Restu Haifarizah, 2016

MÉDIA ORIGAMI PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS SAJAK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ngagunakeun rumus *Chi* kuadrat. Aya léngkah nu kudu dilaksanakeun saperti ieu di handap.

- a) Nangtukeun skor panggedéna jeung skor pangleutikna
- b) Nangtukeun rentang skor (*r*), anu maké rumus:

$$r = \text{skor panggedéna} - \text{skor pangleutikna}$$

(Sudjana, 2005, kc. 47)

- c) Nangtukeun jumlah kelas interval (*k*), kalawan rumus:

$$k = 1 + (3,3) \log n$$

(Sudjana, 2005, kc. 47)

- d) Nangtukeun panjang kelas interval (*p*), anu maké rumus:

$$p = \frac{r}{k}$$

(Sudjana, 2005, kc. 47)

- e) Nyieun tabél frékuénsi peunteun tés awal jeung tés ahir kalayan ngagunakeun tabél ieu di handap.

Tabél 3.6

Distribusi Frékuénsi

No	Kelas Interval	f_i	x_i	X_i^2	$f_i x_i$	$F_i x_i^2$
Σ						

- f) Ngitung rata-rata (*mean*) peunteun tés awal jeung tés ahir, kalawan rumus:

Restu Ha

$$\bar{x} = \frac{\sum f_i x_i}{\sum f_i}$$

MÉDIA OR

KAMPUH NULIS SAJAK

Katerangan:

\bar{x} : rata-rata (mean)

\sum : jumlah

f_i : jumlah data

x_i : nilai tengah

(Sudjana, 2005, kc. 70)

g) Nangtukeun standar déviiasi, anu maké rumus:

$$SD = \sqrt{\frac{n \sum f_i x_i^2 - (\sum f_i x_i)^2}{n(n-1)}}$$

h) Ngitung frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspéktasi, saperti ieu di handap.

(1) Nyieun tabél frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspéktasi

Tabél 3.7

Format Frékuénsi Obsérvasi jeung Frékuénsi Ékspéktasi

Kelas Interval	O_i	Bk	Z_{itung}	Z_{tabel}	L	E_i	$\frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$

(2) Nangtukeun O_i (frékuénsi obsérvasi)

(3) Nangtukeun batas kelas interval (bk)

Restu Haifarizah, 2016

MÉDIA ORIGAMI PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS SAJAK

(4) Nangtukeun Z_{itung} maké rumus:

$$Z_{itung} = \frac{(bk-x)}{SD}$$

(Sudjana, 2005, kc. 293)

(5) Ngitung lega kelas interval (L)

$$L = Z_{itung1} - Z_{itung2}$$

(6) Nangtukeun frékuénsi ékspéktasi (E_i), maké rumus:

$$E_i = n \times L$$

(Sudjana, 2005, kc. 293)

(7) Nangtukeun χ^2 (*Chi-kuadrat*), maké rumus:

$$\chi^2 = \frac{\sum(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

(Sudjana, 2005, kc. 273)

(8) Nangtukeun derajat kabébasan, maké rumus:

$$dk = k - 3$$

(Sudjana, 2005, kc. 293)

(9) Nangtukeun nilai χ^2_{tabel} kalayan make derajat kabébasan (dk) jeung tingkat kapercayaan 99%.

(10) Nangtukeun normalitas maké kriteria ieu di handap:

Restu Haifarizah, 2016

MÉDIA ORIGAMI PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS SAJAK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

$\chi^2_{itung} < \chi^2_{tabel}$ hartina distribusi data normal;

$\chi^2_{itung} > \chi^2_{tabel}$ hartina distribusi data teu normal.

3.5.2 Uji Signifikan

3.5.2.1 Uji Homogénitas

Uji homogénitas tujuanna pikeun mikanyaho homogén henteuna variasina sumber data, anu ngaliwatan léngkah-léngakah ieu di handap.

1) Ngitung variansi

Variansi *pre-test* (tés awal), maké rumus:

$$S_1^2 = \frac{n \sum f_i x_i^2 - (\sum f_i x_i)^2}{n(n-1)}$$

Variansi *post-test* (tés ahir), maké rumus:

$$S_2^2 = \frac{n \sum f_i x_i^2 - (\sum f_i x_i)^2}{n(n-1)}$$

(Sudjana, 2005, kc. 95)

2) Ngitung harga variansi, maké rumus:

$$F = \frac{\text{variasi anu leuwi gedé}}{\text{variasi anu leuwi leutik}}$$

Res

MÉD

AMAMPUH NULIS SAJAK

(Sudjana, 2005, kc. 249)

3) Nangtukeun derajat kabébasan, maké rumus:

$$dk = n - 1$$

4) Nangtukeun harga $F_{\text{tabél}}$ kalayan maké derajat kabébasan jeung tingkat kapercayaan 99%.

5) Nangtukeun homogénitas make kriteria:

- a) $F_{\text{itung}} < F_{\text{tabél}}$ hartina variansi sampel homogén
- b) $F_{\text{itung}} > F_{\text{tabél}}$ hartina variansi sampel teu homogén

3.5.2.2 Uji Gain

Uji gain miboga tujuan pikeun ngabandingkeun hasil *pre-test* jeung *post-test*. Hasil tina uji gain dipaké salaku gambaran ngeunaan ngukur signifikan henteuna média *origami* dina nulis sajak siswa kelas VII D SMPN 2 Lembang taun ajaran 2015/2016. Léngkah dina uji gain nya éta saperti ieu di handap.

Tabél 3.8

Uji Gain Tingkat Kamampuh Nulis Sajak Ngagunakeun Média *Origami*

No	SA ₁	SA ₂	D	d ²

Keterangan:

d : daya pembéda

SA₁ : skor ahir *pre-test*

SA₂ : skor ahir *post-test*

3.5.2.3 Uji Hipotésis

Restu Haifarizah, 2016

MÉDIA ORIGAMI PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS SAJAK

Cara pikeun nangtukeun uji hipotésis nya éta aya dua cara. Kahiji maké statistika paramétris kalayan make uji test, upama hasil uji normalitas nuduhkeun yén data miboga distribusi data anu normal. Kadua, maké statistika non-paramétris kalayan maké *Uji Wilcoxon*, upama hasil uji normalitas nuduhkeun yén data miboga distribusi data anu teu normal.

1) Statistik Paramétris

Léngkah-léngkah anu kudu dipigawé nya éta ieu di handap.

a) Ngitung rata-rata tina bédana tés awal jeung tés ahir, maké rumus:

$$Md = \frac{\sum d}{n}$$

(Arikunto, 2010, kc. 350)

b) Ngitung derajat kabébasan (dk), maké rumus:

$$dk = n - 1$$

c) Néanganna jumlah kuadrat déviiasi

$$\sum X^2 d = \sum d^2 - \frac{(\sum d)^2}{n}$$

(Arikunto, 2010, kc. 351)

d) Ngitung t, maké rumus:

$$t = \frac{M d}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{n(n-1)}}}$$

Keterangan:

t : tés signifikansi

Md : rata-rata (mean) tina bédana tés awal jeung tés ahir

n : jumlah subjék dina sumber data

$\sum x^2 d$: jumlah kuadrat déviiasi

Restu Haifarizah, 2016

MÉDIA ORIGAMI PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS SAJAK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

e) Nangtukeun ditarima henteuna hipotésis dumasar kana kritéria ieu di handap.

(1) Lamun $t_{itung} > t_{tabel}$ hartina hipotésis alternatif (H_a) ditarima, yén média *origami* éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak kelas VII D SMPN 2 Lembang Taun 2015/2016.

(2) Lamun $t_{itung} < t_{tabel}$ hartina hipotésis nol (H_0) ditolak, yén média *origami* teu éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak kelas VII D SMPN 2 Lembang Taun 2015/2016.